

FLORIDA ATLANTIC UNIVERSITY™

A.D. HENDERSON SCHOOL/FAU HIGH SCHOOL

Rezime plan amelyorasyon lekòl pou lane 2016-2017

Misyon ak vizyon lekòl la: Deklarasyon misyon: Alexander D. Henderson University School/FAU High School gen yon misyon ki divize an twa nivo: (1) parèt kòm yon espas eksperimantal pou fòmasyon pwofesè yo; (2) pèmèt prepare pwogram etid jeneral yo; epi (3) se pou kapab fè rechèch (F.S. 228.053). Deklarasyon vizyon: Alexander D. Henderson University School/FAU High School (ADHUS/FAUHS) se yon modèl nasyonal ki se yon egzanp pou sistèm lekòl yo ak pwogram yo ki la pou prepare pwofesè pou kapab amelyore koze edikasyon an pou diferan kategori elèv pa mwayen rechèch ak pwogram etid jeneral ki kreyatif epi ki devlope nan fakilte.

Objektif estratejik 1: Si pwofesè yo itilize avèk elèv yo estrateji ki vrèman bay ranman yo epi ranje estanda ELA yo avèk estanda syans yo, donk 88% nan elèv yo pral manifeste plis metriz nan evalyasyon eta a pou syans.

Resous ki disponib pou sipòte objektif la: Liv yo pou etidye liv, tan pandan jou PD (devlopman pwofesyonèl) yo pou PLC (kominote pou aprantisaj pwofesyonèl) yo, obsèvasyon nan klas, epi prepare plan pou kwasans pwofesyonèl (PGPs) yo.

Baryè ki sible yo pou kapab rive atenn objektif la

- Tan pou planifye nan Kominote pou Aprantisaj Pwofesyonèl (PLCs) yo.

Rezon estrateji a

- Akoz fleksibilite ki genyen pou travay nan met tèt ansanm

Demach pou aksyon yo

- Bay tout ekip la fòmasyon ak zouti pou etidye liv ki chita sou estrateji pou bay bon ranman.
- Bay ekip la tan pandan jounen an ak pandan jou PD yo pou kapab rankontre ak PLC yo.
- Bay ekip la asirans pou kapab planifye ak ekip yo oswa obsève kamarad yo nan itilize estrateji ki la pou bay bon ranman yo.

Objektif estratejik 2: Si nou bay pwofesè yo yon devlopman pwofesyonèl ki kontini nan itilize pwogram teknolojik yo sible yo pou bezwen endividyèl yo ak enjeksyon aparèy youn pou youn yo pou yon aprantisaj ki melanje, donk pwogrè elèv yo nan lekti pral ogmante jiska 78% pou elèv ki rive tire benefis anplis de aprantisaj yo.

Resous ki disponib pou sipòte objektif la: Fòmasyon – leson fas a fas ak sou entènèt, aparèy 1:1 nan klas 3yèm ak klas ki pi avanse, sant medya a ki louvri anvan ni apre lekòl, tan pou planifikasyon ki la pou sa.

Baryè ki sible yo pou kapab rive atenn objektif la

- Varye nivo metriz pwofesè yo nan itilize pwogram ak aparèy teknolojik yo.

Rezon estrateji a

- Pou abòde bezwen tout ekip la.

Demach pou aksyon yo

- Monitè yo pral travay ak konpayi ki nan domèn teknoloji yo pou pwograme yon fòmasyon fas a fas pou nouvo pwogram yo epi prepare kèk aktivite pou ka fè suivi epi pou sipòte devlopman pwofesyonèl ke yo te bay deja yo.
- Kreye opòtinite pou ekip la travay ak pwogram yo epi sa ki ladan yo pandan PLC yo.
- Bay pwofesè yo sipò nan egzaminen done elèv yo ki disponib la pou pèmèt pran desizyon sou zafè ansèyman an.